

Tsuro anobata zihove



naPaul K. Mabasa

Tsuro anobata zihove

naPaul K. Mabasa

Mifananidzo naKudakwashe Chuma



www.bhabhubooks.com

Copyright © 2013, Bhabhu Books. All rights reserved.

No part of this publication can be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means — electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise — without prior permission of the Publisher.

ISBN 978-0-7974-5337-1

Printed in Harare, Zimbabwe

Rimwe zuva, Turo akaenda kurwizi kunonwa mvura. Paakasvika kurwizi, akasangana naGudo. Gudo akati, "Uri kudei kuno nhai Turo?"



Turo akati, "Sei uchibvunza mubvunzo wakapusa kudaro Gudo? Ndiri kuda kunwa mvura."



Gudo akati, "Tanga wandibatira hove ndigokupa kapu yekucheresa nayo mvura."

Tsuro akati, "Saka iwe haugone kubata hove here nhai Gudo?"



Gudo akati, "Munhu wese ane zvaanogona nezvaasingagone. Uye, mhunhu wese ane zvaanotya nezvaasingatye."



Tsuro akati, "Ichokwadi ichocho Gudo. Ini ndinotya makarwe nekuti ndakamboanyengedza. Ko sei iwe uchitya kubata hove?"

Gudo akati, “Ini handitye kubata hove, asi kuti chete hove dzacho dzinonzvenga kana ndichida kudzibata. Iwe Tsuru wakachenjera. Ndatatirewo hove imwe chete zvayo.”



Tsuru akati, “Iwe chimboedza kubata hove tione Gudo.”



Gudo akabvisa bhutsu dzake. Akapeta makumbo nemaako ehovhorosi yake.

Gudo akapinda mumvura achiti kubvu-kubvu achibvondora mvura.

Akatsvaga hove kusvika maziso ake atsvuka kuti piriviri.
Akabva abuda mumvura.



Tsuro akabva apinda mumvura akadzika pasi perwizi.
Akasangana nezihove hombe akati, "Handisati ndamboona
hove yakakura sewe kudai."



Zihove riye rakasekerera.

Tsuro akati, "Ndakatumwa kuzokutora kuti uve mambo wedu. Handei izvozvi wakamirirwa."

Tsuro akabva abuda mumvura akabata zihove riye. Rakanga rakakura kunge imba. Gudo akashamisika zvikuru.

Gudo akakoka mhuka dzese kumabiko ehove. Zihove riye rakafara kuona mhuka zhinji dzichiungana uye dzichifara nekutamba.

Tsuro akati kuzihove riye, “Iko zvino tave kukuisa pamoto kuti tione kuti wakashinga here kuti uve mambo wedu. Mambo chaiye haafanirwe kuchema kana kutiza zvinhu zvinorwadza.”



Zihove riye rakaiswa pamoto rikabikika kusvika rafa nekuti raida kuita mambo.



Mhuka dzese dzakazodya nyama yezihove kusvika kwangosara mabhonzonemasahwa. Nyama yezihove yainakazvikuru.

Mushure memabiko, Gudo akakumbira Tsuro kuti amubatire rimwezihove. Asi Tsuro akaudza Gudo kuti hove hombe hadzingobatwamazuva ese.

Verenga bhuku ubhururuke!

